



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 6/5/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PREMYE DEKRÈ EGZEKITIF NAN PEYI A POU MANDE SESASYON FON PIBLIK POU SIPÒTE KANPAY BDS KONT IZRAYÈL

Ajans Eta ansanm avèk otorite yo te mande pou sispann fon piblik ki sipòte bòykotaj mouvman sanksyon dezentvestisman

[Klike la a](#) pou wè dekrè egzekitif ki siyen an

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te pibliye yon Dekrè Egzekitif Nimewo. 157 ki mande antite eta yo pou anpeche tout fon piblik kap sipòte Bòykotaj, dezentvestisman ak kanpay sanksyon kont Izrayèl. Premye aksyon konsa nan peyi a pral asire ke okenn ajans nan eta oswa otorite pa angaje nan okenn envestisman oswa ankouraje nenpòt aktivite envestisman ki ta plis ranfòse deranjman ak ankouraje bòykotaj diskriminatwa Palestinyen yo, dezentvestisman ak kanpay sanksyon (BDS) nan Eta New York. Gouvènè a te fè anons lan nan Parad Selebrasyon Izrayèl.

“New York kanpe an solidarite avèk Izrayèl jodia ak toujou. Eta pap kanpe pou politik diskriminasyon nan nenpòt fòm, e nou pral kontinye demonstre sipò san defayans nou pou moun Izrayèl yo nan lit pou libète ak demokrasi,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen fyè pou m siyen dekrè egzekitif premye plan sa, ki pral ede pwoteje Izrayèl kont menas ak dezentvestisman. Ódonans sa ap voye mesaj ke eta sa pral fè tout sa ki nan puovwa l pou mete fen nan kanpay rayisman, entolerans sa. New York ak Izrayèl pataje yon lyen ensepaparab e mwen priye pou moun Izrayèl ak Palestinyen jwenn yon fason pou viv youn ak lòt epi jwenn lapè, pwosperite ak sekirite.”

Kanpay BDS

Nan 2005, sosyete sivil Palestinyen te pibliye yon apèl pou Bòykòt, dezentvestisman ak kanpay sanksyon pou Izrayèl. Komite Nasyonal BDS Palestinyen te kowòdone mouvman an. Lè nou degrade konfyans nan lejitimite Izrayèl, Kanpay BDS la gen entansyon pou enflije deranjman ekonomik, oswa limite relasyon komèsyal, e finalman afebli oswa diminye Eta Izrayèl.

Kanpay BDS la ankouraje anpil aksyon domajab kont Izrayèl, sa ki gen ladann:

- Mande yon bòykòt konplè sou pwodui ak konpayi Izrayèl yo;
- Ankouraje aksyon dezentvestisman ki vize òganizasyon tankou inivèsite oswa legliz, ak biznis wo pwofil yo ki gen gwo patisipasyon finansye nan konpayi yo kap sipòte Izrayèl; ak

- Ankouraje sanksyon kont yon tantativ dirèk pou nwi vyabilite ekonomik nan Eta.

Pou kontinye lite kont kanpay BDS la menm plis, Gouvènè Cuomo te nome yon Ko-Prezidan Komite Jwif Ameriken Gouvènè yo kont inisyativ BDS la. Pandan plis pase yon syèk, Komite Jwif Ameriken an te yon defansè mondyal pou defann òganizasyon an. Avèk biwo toupatou nan Etazini, ak nan mond lan ansanm avèk patenarya avèk kominote Jwif nan tout mond lan, lap travay pou amelyore byennèt pèp jwif la ak pou avanse dwa imen ak valè demokratik pou tout moun.

Gouvènè Cuomo gen yon relasyon depi lontan avèk Izrayèl. Nan 2014, Gouvènè a te dirije yon [vwayaj inite](#) nan Izrayèl pou demontre solidarite avèk Eta. Pandan vwayaj de jou a, Gouvènè a te rankontre avèk diferan otorite gouvènman Izrayèl, ansanm avèk sila yo ki afekte nan konfli a. New York se kay plis pase 1.7 milyon jwif, ki reprezante pi gwo kominote jwif andeyò Izrayèl nan mond lan. Ou ka wè foto vwayaj Gouvènè a [isit la](#).

DEKRÈ EGZEKITIF NIMEWO. 157

DEKRÈ EGZEKITIF

POU MANDE AJANS AK OTORITE YO POU ENTÈDI LAJAN PIBLIK POU SIPÒTE KANPAY BOS KONT IZRAYÈL

ALÓSKE, Eta Izrayèl se yon alye enpòtan ak konsiderab pou Etazini;

ALÓSKE, Eta New York ansanm avèk Izrayèl jwi yon relasyon istorik spesyal epi li pataje yon lyen kiltirèl fòje komen;

WHEREAS, Eta New York pa sipòte taktik ki gen rapò avèk bòykotaj ke yap itilize pou menase souverènnte ak sekirite alye ansanm avèk patnè Etazini yo;

ALÓSKE, nan 2005, eleman nan sosyete sivil Palestinyen an te pibliye yon demann pou yon kanpay Bòykòt, dezinvestisman ak sanksyon (BDS) kont Izrayèl, kowòdone pa Komite Nasyonal Palestinyen BDS;

ALÓSKE, Eta New York san ekivòk rejete kanpay BDS la e li kanpe solidman avèk Izrayèl;

ALÓSKE, Eta New York pap kite pwòp aktivite investisman l ranfòse kanpay BDS la nan okenn fason, fòm oswa, keseswa dirèkteman oswa endirèkteman;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, akòz de otorite ke Konstitisyon an ansanm avèk Lwa Eta New York ban mwen, nan dokiman

sa mwen òdone sa ki annaprè yo:

I. DEFINISYON

A. “Òganizasyon Eta ki Afekte” vle di (i) tout ajans ak depatman kote Gouvènè a gen Otorite Egzekitif, epi (ii) tout sosyete ki bay avantaj piblik, otorite piblik ak komisyon kote Gouvènè a deziyen Prezidan, Chèf Egzekitif, oswa pifò Manm Komisyon, sof pou Port Authority of New York and New Jersey.

B. “Bòykotaj, dezinvestisman, oswa aktivite sanksyon ki vize Izrayèl ” vle di angaje nan nenpòt aktivite, oswa ankouraje pou angaje nan nenpòt aktivite, ki gen entansyon pou penalize, enflije nwizans ekonomik sou, oswa otreman limite relasyon komèsyal avèk Izrayèl oswa moun kap fè biznis nan Izrayèl nan bi kontrent aksyon politik pa, oswa enpoze pozisyon politik sou, gouvènman Izrayèl la.

C. “Komisyonè” vle di Komisyonè Biwo Sèvis Jeneral.

II. LIS BYEN PIBLIK BDS KI DISPONIB

A. Pa pita pase 180 jou apre dat Dekrè Egzekitif sa a, Komisyonè a pral devlope yon lis enstitisyon ansanm avèk konpayi ke Komisyonè a detèmine, kap itilize enfòmasyon kredib ki disponib pou piblik la, patisipe nan bòykotaj, dezinvestisman, oswa aktivite sanksyon ki vize Izrayèl oswa atravè yon paran oswa filyal. Kalite lis la, lè li fini, yo pral afiche l sou sitwèb Biwo Sèvis Jeneral la.

B. Komisyonè a pral mete lis la ajou chak 180 jou.

C. Anvan ke yo plase nenpòt enstitisyon oswa konpayi sou lis la, Komisyonè a pral bay enstitisyon patikilye oswa konpayi an avi alekri sou entansyon Komisyonè a pou enkli enstitisyon oswa konpayi an sou lis la, e li pral akòde enstitisyon oswa konpayi sa yon peryòd omwen 90 jou pou yo prezante Komisyonè a prè ke enstitisyon oswa konpayi sa pa an reyalite patisipe nan bòykotaj, dezinvestisman, oswa aktivite sanksyon ki vize Izrayèl, swa dirèkteman oswa atravè yon paran oswa filyal.

D. Kote, konfòmman a Seksyon II (C) anwo a, Komisyonè a ap fè yon bon detèminasyon ki baze sou jijman ke enstitisyon oswa konpayi an pa an reyalite angaje nan bòykotaj, dezinvestisman, oswa aktivite sanksyon ki vize Izrayèl, swa dirèkteman oswa atravè yon paran oswa filyal, Komisyonè a pa dwe ajoute enstitisyon oswa konpayi an sou lis la.

E. Yon enstitisyon oswa konpayi ki te sou lis Komisyonè a ka mande pou yo retire l sou lis la lè li bay Komisyonè a avi alekri ke enstitisyon oswa konpayi an pa patisipe ankò nan bòykotaj, dezinvestisman, oswa aktivite sanksyon ki vize Izrayèl, swa dirèkteman oswa atravè yon paran oswa filyal. Si Komisyonè a fè yon bon jijman detèminasyon ke enstitisyon oswa konpayi an pa patisipe ankò nan kalite aktivite a, Komisyonè a dwe retire enstitisyon oswa konpayi an sou lis la nan pwochen opòtinite konfòmman a

Seksyon II (B) anwo a.

III. SESASYON SÈTEN LAJAN PIBLIK

A. Tout antite Eta ki afekte isit la mande pou dezenvesti lajan ak byen yo nan nenpòt investisman nan nenpòt enstitisyon oswa konpayi ki sou lis komisyonè a ki gen rapò avèk Seksyon II anwo a.

B. Yo pap entèprete Dekrè Egzekitif sa tankou pou egzije sesasyon prematire otreman enpridan de lajan ak byen, men antite yo nan Eta ki afekte pral asire respè konfòmman avèk direksyon ki nan Seksyon III (A) anwo a pa pita pase yon lane apre piblikasyon Dekrè Egzekitif sa a.

IV. PAP GEN PLIS INVESTISMAN NAN BYEN BDS YO

A. Yo pap investi okenn lajan oswa byen nan okenn antite Eta ki afekte nan avni nenpòt enstitisyon oswa konpayi ki enkli sou lis Komisyonè a konfòmman a seksyon II anwo a.

ANPLIS, Dekrè Egzekitif sa ap antre anvigè touswit e lap rete anvigè jiska pwochen avi.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418